



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL KONTINYE LANSE KOUP DI MOND NAN TOUT ETA A AK
EVÈNMAN GRATIS POU KOMINOTE A GADE NAN INIVÈSITE STONY BROOK AK
KENSICO DAM PLAZA**

***Evènman gratis sa yo pral ogmante aksè a Koup di Mond 2026 la epi sipòte
investisman alontèm nan foutbòl pou jèn atravè tout Eta Nouyòk***

Plis detay ap anonse byento; enfòmasyon yo pral disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a de gwo evènman gratis, sou gwo anplè pou kominote a gade nan Long Island ak nan Rejyon Mid-Hudson kòm yon pati nan efò kowòdone Eta Nouyòk pou maksimize enpak ekonomik ak nan tout Eta a nan Koup Di Mond 2026 la pou kominote yo. Anba direksyon Eta Nouyòk ak Empire State Development (Empire State Development, ESD), evènman familyal sa yo pral asire Nouyòkè atravè rejyon yo ka patisipe nan moman istorik mondyal sa a, pandan y ap ranfòse investisman alontèm nan espò pou jèn yo ak enfrastruktik kominotè a. Evènman gratis yo ap dewoule 12 jen nan Inivèsite Stony Brook (Stony Brook University) sou Long Island ak 19 jiyè nan Kensico Dam Plaza nan konte Westchester, epi y ap pwograme pou koresponn ak match enpòtan nan tounwa a.

"Nouyòk fyè dèske li jwe yon wòl prensipal nan òganize Koup di Mond 2026 la, yon evènman mondyal ki fèt yon fwa nan yon jenerasyon e ki pral mete eta nou an valè sou sèn mondyal la epi jenere aktivite ekonomik nan kominote atravè Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan match yo pral atire atansyon entènasyonal, n ap asire chak Nouyòkè gen opòtinite pou patisipe nan evènman istorik sa a atravè eksperyans gratis pou gade, santre sou kominote a. An menm tan, n ap fè investisman alontèm nan enfrastruktik espò pou jèn yo ak espas kominotè yo pou benefis Koup di Mond lan kontinye lontan apre kout siflèt final la."

Baze sou estrateji jeneral Gouvènè Hochul la pou itilize gwo evènman mondyal yo pou benefis dirab nan tout eta a, evènman vizyèl sa yo Eta Nouyòk konplete te anonse dènyèmman nan [Pwogram Sibvansyon Koup di Mond Kominotè \(Community World Cup Grant Program\)](#). Efò sa yo fè avanse tou inisyativ Gouvènè Hochul la [Get Offline, Get Outside](#) ki ankouraje Nouyòkè yo dekonekte aparèy yo epi pase tan deyò nan kominote yo, lè yo aktive espas piblik atravè eta a epi kreye eksperyans aktif pataje pou fanmi yo.

Jan Gouvènè Hochul te anonse nan ajanda li sou Eta Leta a, tounwa foutbòl mondyal ki trè antisipe a pral katalize envestisman kominotè alontèm atravè Eta Nouyòk. Kòm yon pati nan efò ki fèt nan tout eta a, Gouvènè a pral lanse NY Kicks: Yon Fon Envestisman Eritaj Koup di Mond pou ogmante enfrastrikti foutbòl pou jèn nan kominote ki defavorize yo, ki pral sipòte nouvo ak amelyore teren ak fasilite foutbòl kominotè, ansanm ak finansman pou gouvènman lokal ak òganizasyon kominotè pou bay pwogram, ekipman, ak fòmasyon ki pral benefisyè jèn yo lontan apre tounwa a fini.

Prezidan, Direktè Egzektif Jeneral, ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Evènman gade jwèt sa yo fèt entansyonèlman pou kominote a jere epi baze sou patenarya lokal solid, pote opòtinite sa a ki rive yon fwa nan yon jenerasyon nan chak kwen nan Eta a. Lè nou kolabore trè sere ak lidè lokal, òganizasyon, ak biznis, n ap kreye eksperyans ki reflete idantite inik chak rejyon pandan n ap asire evènman sa a pa twò lwen pou Nouyòkè yo."

Rektè Inivèsite Eta Nouyòk, John B. King Jr., te deklare, "Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) fyè pou li fè patenarya ak Gouvènè Hochul pou pote Koup di Mond dirèkteman nan kominote nou yo. Òganize evènman pou gade jwèt gratis sa a nan Inivèsite Eta Nouyòk ak Stony Brook reflete misyon SUNY pou sèvi kominote atravè tout Eta Nouyòk. Sa se yon opòtinite pou rasanble fanmi yo, angaje elèv yo, epi enspire jèn yo atravè pouvwa espò a. Nou angaje nou pou asire moman mondyal sa a kreye yon eritaj lokal ki gen sans pou tout Nouyòkè"

Lidè Majorite Sena Eta a Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Pote evènman pou gade Koup di Mond gratis nan kominote atravè tout Eta nou an asire tout Nouyòkè ka pataje moman istorik sa a. Mwen espesyalman kontan paske Kensico Dam Plaza, ki nan distri mwen an, pral òganize youn nan selebrasyon kominotè yo, bay rezidan yo nan Westchester ak Rejyon Mid-Hudson chans pou rasanble ansanm epi fè pati yon bagay mondyal, la menm lakay yo. Osi enpòtan, envestisman nan foutbòl jèn atravè NY Kicks pral ede ogmante aksè a teren, ekipman, ak pwogram nan kominote ki mwens sèvi yo, kreye opòtinite ki pral dire menm apre match final la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou lidèchip yo nan ogmante aksè ak envesti nan kominote atravè tout Nouyòk."

Senatè Eta a, Anthony Palumbo te deklare, "Soti nan mirak sou glas la an 1980 rive nan viktwa ekip hockey gason ak fanm nan Je Olenpik semèn pase a — espò gen yon kapasite pou rasanble nou, pote nou tout ansanm, epi raple nou sa ki fè nasyon sa a vrèman gran. Fèt pou gade Koup di Mond lan nan Inivèsite Stony Brook pral bay yon opòtinite pou moun ak fanmi yo reyini ansanm nan lespri kominote a, epi ankouraje Ekip Etazini antanke Ameriken fyè."

Manm Asanble Chris Burdick, te deklare, "Koup di Mond lan kapab yon evènman mondyal, men nou ta dwe santi enpak li isit la menm lakay nou. Òganize yon mwayen gratis pou moun gade nan kominote a nan Kensico Dam Plaza bay fanmi atravè Westchester chans pou rasanble ansanm epi fè pati moman istorik sa a. Mwen

remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan rann sa posib epi pou investisman li nan jèn nou yo ak espas kominotè yo ki pral benefisye lontan apre siflè final la."

Manm Asanble Rebecca Kassay, te deklare, "Long Island fyè pou li sèvi kòm yon pwèn rasanbleman pou selebrasyon Nouyòk nan Koup di Mond 2026 la, e mwen eksite anpil pou fanmi lokal yo ki pral kapab rasanble ansanm nan inivèsite Stony Brook nan evènman kominotè gratis sa a pou gade l. Foutbòl gen yon kapasite ekstraòdinè pou ini moun atravè kilti, jenerasyon, ak katye, epi evènman sa a bay yon opòtinite bèl bagay aksesib pou tout moun pou yo fè pati moman istorik sa a. Nan non kominote biznis lokal nou an, mwen eksite pou opòtinite sa a ki pral atire patisipan yo nan boutik ak restoran yo pou yo dekouvri tout sa ti biznis nou yo gen pou ofri. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou pote evènman sa a nan rejyon nou an epi pou bay aksè, aksesibilite, ak yon eritaj espò dirab nan Eta nou an priyorite atravè inisyativ foutbòl jèn tankou NY Kicks. Lè nou investi nan espas kominotè yo epi ogmante opòtinite pou jèn atlèt yo, n ap bay kominote nou yo pouvwa jodi a epi fòme yon avni briyan pou Eta nou an!"

Egzekitif Konte Suffolk la, Ed Romaine, te deklare, "Lè Koup di Mond vin nan Amerik di Nò, se yon gwo viktwa pa sèlman pou fanatik pasyone ki swiv espò a, men tou pou moun ki pral pran plezi nan eksitasyon tounwa a. Pou gen yon evènman konsa isit la nan konte Suffolk sou kanpis Stony Brook la, sa ap sètènman prepare teren an pou antouzyas ki pral kontinye jiskaske yo jwe final la nan MetLife. Nou ap tann evènman sa a avèk anpil antouzyas.

Egzekitif Konte Westchester a Ken Jenkins te deklare, "Koup di Mond lan ap vini dirèkteman bò pòt nou ete sa a, epi Konte Westchester pare pou akeyi li. Koup di Mond FIFA 2026 la se plis pase yon evènman espò mondyal — li se yon opòtinite ekstraòdinè pou montre kominote vivan nou yo, kilti divès nou an, ti biznis lokal ki ap devlope yo, endistri otèl ak restorasyon sou yon sèn entènasyonal. Lè nou òganize evènman piblik sa a nan Kensico Dam Plaza nan mwa jiyè, n ap asire tout rezidan Westchester ka patisipe nèt nan moman istorik sa a. Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li enkli Westchester kòm yon pati nan selebrasyon enpòtan sa a."

Prezidan Inivèsite Stony Brook, Andrea Goldsmith, te deklare, "Inivèsite Stony Brook fyè pou l akeyi plizyè milye fanmi k ap vwayaje soti nan tout rejyon Long Island sou kanpis nou an pou evènman gade Koup di Mond sa a, e nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou chwazi nou pou òganize selebrasyon espesyal sa a. Antanke yon inivèsite piblik ak yon inivèsite lidè nan SUNY, angajman nou pou sèvi kominote yo depase klas la epi rive nan kominote ke nou fyè pou sipòte yo. Evènman sa a reflète angajman nou pou nou aksesib, akeyan, epi pwofondman konekte ak rejyon nou rele lakay nou an. Mwen eksite wè kanpis nou an vin tounen yon pwèn rasanbleman kote vwazen nou yo ka reyini ansanm pou selebre moman istorik mondyal sa a."

Evènman yo sou Long Island ak nan Mid-Hudson pral prezante difizyon match an dirèk ansanm ak pwogram kominotè ki devlope lokalman, ki fèt pou reflète toutbon chak rejyon epi selebre pasyon Nouyòk pou jwèt mondyal la. Li te deziyen pou eksperyans

deyò ki ka akeyi plizyè milye patisipan, chak evènman pral reflekte karaktè inik rejyon li a pandan li ankouraje angajman kominotè, patisipasyon ti biznis, ak aksè enklizif.

Plis detay sou evènman an pral anonse nan yon dat annapre. Pou plis enfòmasyon, enkli fason pou enskri pou resevwa notifikasyon sou pwochen anons Koup di Mond Eta Nouyòk yo, vizite sit wèb I LOVE NY la [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè [I LOVE NY](#). Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [esd.ny.gov](#), epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)